



Pou Piblikasyon Imedya: 03/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SISPANSYON 19 LISANS BA ALKÒL ANPLIS NAN NEW YORK POUTÈT VYOLASYON FLAGRAN RÈGLEMEN KI GEN RAPÒ AK KOWONAVIRIS**

***83 lisans biznis alkòl te sispann pandan ijans sante piblik la***

***Fòs entèvansyon milti-ajans lan te reyalize plis pase 3,000 verifikasyon konfòmite vandredi rive dimanch swa, ki te obsève 106 vyolasyon anplis***

***596 akizasyon te depoze ak trete jiska jodi a, lis aktyalize sispansyon ak akizasyon yo disponib [ISIT LA](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a eta a te sispann lisans alkòl pou 19 ba nan Eta New York apre yo te dekouvri vyolasyon flagran Dekrè Egzekitif ki gen rapò ak pandemi an. Nan wikenn lan, fòs entèvansyon milti-ajans eta a, ke Lapolis Eta a ak Otorite Alkòl Eta (State Liquor Authority, SLA) a te dirije, te mennen plis pase 3,047 verifikasyon konfòmite, anrejistre vyolasyon nan 106 etablisman. Biznis yo jwenn ki nan vyolasyon ak règleman COVID-19 la ap fè fas ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon, pandan vyolasyon flagran yo kapab genyen kòm rezilta sispansyon imedya lisans alkòl yon ba oswa restoran.

"Nou kontinye wè sitiyasyon ki jis pa entelijan e gouvènman lokal yo oblije pran mezi represyon sou sa yo, ke se nan Vil New York, Long Island oswa nan nò New York," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Ba ak restoran ki kontinye aji nan fason iresponsab yo, se biznis ki derespektan, ki angaje nan konpòtman ilegal, e ki pa sèlman ap vyole règleman sante piblik, men y ap vyole desans komen an. Pwoteksyon sante ak sekirite Moun New York rete priyorite nimewo en nou, e n ap kontinye pran mezi represif ki agresif kont biznis ki vyole lalwa yo."

**Vincent Bradley, ki se Prezidan Otorite Alkòl Eta a, te deklare,** "Inyore mezi sante ak sekirite piblik nan fason ki flagran pa gen eskiz e Otorite Alkòl Eta a ap kontinye chèche epi fèmen biznis ki refize soumèt ak Lòd Egzekitif Gouvènè a".

19 etablisman yo te bay òdonans dijans pou sispansyon somè ki soti nan Konsèy Otorite Alkòl Eta a pandan reyinyon nan dat 31 jiyè, 1ye ak 2 out yo se:

**"The New Elbo Room" nan 170 Delaware Avenue nan Albany, nan dat 2 out 2020**

Nan dat 30 jiyè, investigatè ak fòs entèvansyon milti ajans eta yo te reyalize yon verifikasyon konfòmite san avètisman nan lokal yo pou jwenn ba a plen ak kliyan mele ansanm ap bwè epi mache nan lokal yo san kouvèti vizaj. Yo te obsève divès vant alkòl bay kliyan yo san manje, kote bamann nan te enfòmè anketè yo ke yo sèlman bezwen achte ti goute ak alkòl la. Anketè yo te obsève tou, kliyan k ap jwe biya, epi yo te temwen plizyè kliyan k ap soti nan lokal yo ak bwason alkòl san manje. Nan okenn moman pandan enspeksyon an, anketè yo pa t obsève anplwaye yo mande kliyan yo chita, mete mask, pa kanpe epi bwè nan ba a, oswa kenbe distans sosyal.

**"Tequila Sunrise" nan 132 West Fordham Road nan Bronx, nan dat 2 out 2020**

Nan dat 25 jiyè a, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans eta yo te obsève senk anplwaye san yo pa gen kouvèti vizaj, ki enkli administratè lokal la, de sèvè, yon resevè, ak yon DJ. Nan dat 1ye out, SLA te resevwa yon rekòmandasyon ki soti nan NYPD ke nan dat 23 ak 24 jiyè, enstitisyon an te nan plen operasyon apre kouvrefe 11 è p.m. Vil New York pou sèvis anplennè yo, ak plis pase san senkant kliyan ki te reyini deyò biznis lan, ki kanpe epi ap bwè san mask, ap fimen oka, ak mizik ki fò k ap jwe ak machin ki fè doub paking nan lari a ki bloke sikilasyon an. NYPD a te bay yon manda nan dat 24 jiyè a.

**"Brothers Taverna" nan 23-01 Steinway Street nan Astoria, nan dat 2 out 2020**

Nan dat 1ye out, investigatè yo ak fòs entèvansyon milti-ajans eta yo te obsève yon band ki t ap jwe ak yon foul apeprè venn senk kliyan ki kanpe epi ap danse devan etablisman an san kouvèti vizaj, ki inyore enstriksyon distans sosyal ak konsomasyon bwason akowolik yo nan kèp plastik san kouvèti.

**"La Sabrosura" nan 25A East 170 Street nan Bronx, nan dat 2 out 2020**

Nan dat 31 jiyè, investigatè ak fòs entèvansyon milti ajans yo te obsève yon DJ san yon kouvèti fasyal k ap jwe mizik nan lari a k ap ankouraje kliyan yo reyini. Investigatè yo te anrejistre kat anplwaye ki pa t mete kouvèti vizaj, plis pase dis kliyan sou yon tab ki pa separe nan fason ki apwopriye, kliyan ki kanpe, ki inyore enstriksyon distans sosyal ak alkòl ki vann nan lokal la ak "pou ale" san okenn manje, ak kwizin nan ki pa t fonksyone pandan enspeksyon an.

**"Bettolona" nan 3143 Broadway nan Manhattan, nan dat 2 out 2020**

Nan dat 1ye out, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève nèf kliyan ki te chita andedan restoran an ap manje epi konsome alkòl. Anplis, yo te obsève yon anplwaye nan kwizin nan ap fè manje san yon kouvèti vizaj.

**"21 Greenpoint" nan 21 Greenpoint Avenue nan Brooklyn, nan dat 2 out 2020**

Nan dat 1ye out, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève de kliyan andedan lokal la ki t ap manje epi bwè nan ba a san kouvèti vizaj. Investigatè yo te obsève tou yon foul ki t ap reyini dirèkteman deyò lokal la ak de kliyan san kouvèti vizaj ki te kanpe epi ki t ap manje, anplis yon tab san otorizasyon sou twotwa a toupre rebò twotwa a.

**"Posh" nan 405 West 51st Street nan Manhattan, nan dat 2 out 2020**

Nan dat 1ye out, envestigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève apeprè twa kliyan ki te reyini deyò restoran an, ki inyore enstriksyon distans sosyal yo ak plizyè kliyan ki te kanpe epi ap bwè, anplis anplwaye ki te san kouvèti vizaj.

**"Lasagna Restaurant" nan 196 8th Avenue aka 258 West 20th Street nan Manhattan, nan dat 1ye out 2020**

Nan dat 31 jiyè, envestigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève senk kliyan ki te chita nan ba andedan lokal la k ap konsome alkòl. Yo te jwenn Baman nan, ki te idantifye kòm manadjè a, ap sèvi kliyan yo san yon kouvèti vizaj.

**"Congress" nan 208 Court Street nan Brooklyn, nan dat 1ye out 2020**

Nan dat 31 jiyè, envestigatè yo avèk fòs entèvansyon milti-ajans eta yo te obsève onz kliyan k ap bwè alkòl dirèkteman devan etablisman an san manje. Anplis, yo te obsève de kliyan k ap resevwa bwason alkowolik pou ale nan resipyan ki ouvè san manje.

**"Made in Mexico" nan 3950 10th Avenue nan Manhattan, nan dat 1ye out 2020**

Nan dat 31 jiyè, envestigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève apeprè swasann disèt kliyan ki te reyini nan yon atmosfè tankou nightclub nan espas pou manje anplennè, ki inyore enstriksyon distans sosyal yo, divès kliyan t ap bwè pandan yo kanpe, ak tab yo ki pat gen distans kòrèk ak divès kliyan ak anplwaye san kouvèti vizaj.

**"Fokkus Room & Cucine" nan 136-138 West Fordham Road nan Bronx, nan dat 1ye out 2020**

Nan dat 28 jiyè, envestigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève enstitisyon an nan plen operasyon apre kouvrefe 11 è p.m. nan Vil New York la pou sèvis anplennè ak apeprè karant senk moun ki te reyini devan twotwa etablisman an ak sou wout la, ki pa t gen distans sosyal, ki pa t chita sou tab epi ki pa t mete mask pou vizaj. Yo te obsève yon sèvè ki pa t mete yon mask pou vizaj epi biznis lan te depase espas li ilegalman lè li mete tab devan yon biznis ki sou kote li.

**"Pazza Notte" nan 1375A Avenue of the Americas nan Manhattan, nan dat 1ye out 2020**

Nan dat 28 jiyè, envestigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans eta yo te obsève nèf kliyan ki kanpe sou twotwa a devan etablisman an san kouvèti vizaj, ak twa ki t ap obsève kòmand epi ki t ap konsome alkòl nan yon ba fòtin nan etablisman ki otorize sa san okenn manje.

**"Shinsen" nan 44 Bowery nan Manhattan, nan dat 31 jiyè 2020**

Nan dat 30 jiyè, envestigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève omwen 35 moun, majorite pa t mete mask oswa swiv pwotokòl distans sosyal yo, t ap konsome bwason alkòl andedan restoran an san pa t gen manje ki te prezan. Envestigatè yo te obsève tou, dans ki t ap fèt pa fanm ki te san mask pou vizaj andedan etablisman an, ki pa apwouve pou amizman adilt.

**"Capelli's Café" nan 107-11 Northern Boulevard nan Corona, nan dat 31 jiyè 2020**

Nan dat 25 jiyè, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève enstitisyon an ap fonksyone apre kouvrefe 11 è p.m. Vil New York la pou sèvis anplennè, avèk omwen 30 kliyan ki te chita ak 8 kliyan ki te kanpe nan espas manje deyò a, ki inyore enstriksyon distans sosyal yo, kote yo te obsève toulede anplwaye ak kliyan yo pa t mete kouvèti vizaj e pa t gen manje ki te sèvi. Anplis, nan dat 30 jiyè, SLA te resevwa yon referans ke nan dat 27 jiyè ofisyè NYPD yo te reponn ak yon apèl 911 ki te obsève kat moun ki enkli manadjè restoran an, andedan lokal la ap konsome alkòl san mask.

**"Marina Café" nan 154 Mansion Avenue sou Staten Island, nan dat 31 jiyè 2020**

Nan dat 28 jiyè, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève ven kliyan ak senk anplwaye anplis andedan lokal la san kouvèti vizaj. Investigatè yo te obsève tou omwen dis tab kote kliyan yo t ap konsome alkòl san prèmanje manje ki te sèvi oswa ki te konsome.

**"True Colors" nan 7915 Roosevelt Avenue nan Jackson Heights, nan dat 31 jiyè 2020**

Nan dat 25 jiyè, investigatè ak fòs entèvansyon milti-ajans yo te obsève apeprè ven kliyan ki te kanpe devan lokal la san kouvèti vizaj, ki inyore enstriksyon distans sosyal yo, e okenn manje pa t sèvi. Investigatè yo te note DJ tou k ap jwe mizik sou twotwa a san yon mask pou vizaj ak tab deyò ki te depase devan yon biznis ki sou kote a. True Colors se yon ofansè ki repete, avèk chaj ankou pou vyolasyon Dekrè Egzekitif (Executive Orders, EO) nan dat 18 jiyè a.

**"Amata" nan 209 15 East 56th Street nan Manhattan, nan dat 31 jiyè 2020**

Nan dat 30 jiyè a, investigatè ak fòs entèvansyon eta yo te obsève uit kliyan nan kat tab separe andedan restoran an nan vyolasyon flagran Lòd Egzekitif 202.43 a konsènan manje andedan an.

**"George Keeley's" nan 485 Amsterdam Avenue nan Manhattan, nan dat 31 jiyè 2020**

Nan dat 30 jiyè, investigatè ak fòs entèvansyon eta yo te obsève douz kliyan ki kanpe epi reyini toutotou tab ki wo deyò ba a ak alkòl ak sèlman yon panye pòpkòn sou tab la.

**"Yeras Restaurant and Sports Bar" nan 86-09 Northern Boulevard nan Jackson Heights nan dat 31 jiyè 2020**

Nan dat 18 jiyè a, investigatè ak fòs entèvansyon eta yo te obsève biznis lan k ap fonksyone apre kouvrefe 11 è p.m. Vil New York la pou sèvis deyò ak kat kliyan ki te reyini deyò lokal la san mask pou vizaj, ki t ap konsome alkòl epi inyore enstriksyon distans sosyal yo. Yon anplwaye devan pòt la pa t mete yon kouvèti vizaj e yo pa t obsève manje ki te sèvi.

SLA a te refize yon lisans alkòl ankou pou yon otèl tou, **BLVD 93** nan Rego Park, jodi a. Nan dat 1ye out, yon investigatè SLA te dekouvri yon gwo reyinyon ki te ankou nan lokal la, ki te gen de pati ki separe nan twati a ki te gen plis pase san kliyan nan chak. Investigatè yo te jwenn alkòl ki te sèvi nan lokal ki pa gen lisans lan, ak kliyan san

kouvèti vizaj ki te kanpe, ki inyore enstriksyon distans sosyal epi ki t ap fimen oka ilegalman. NYPD a te emèt yon manda tribinal kriminal pou estokaj bwason alkowolik san yon otorizasyon.

SLA a te detèmine tou jodi a ke li p ap renouvle lisans pou "**Liberty Belle**," yon bato fèt ki sou waf nan 72 Bowne Street nan Brooklyn. Nan dat 1ye out, ofisye ak Biwo Cherif Vil New York la te dekouvri plis pase san kliyan sou bato fèt la, ki inyore enstriksyon distans sosyal yo epi k ap sèvi alkòl ak yon lisans alkòl ki ekspire, kote Cherif la te arete pwopriyetè yo ak kapitèn nan pou vyolasyon distans sosyal epi paske y ap fè ba a fonksyone san lisans.

Se Prezidan Bradley, Manm Komisyon Lily Fan ak Manm Komisyon Greely Ford ki te òdone sispansyon yo nan reyinyon espesyal Komisyon Konplè a nan dat 31 jiyè, 1ye ak 2 out 2020 yo, kote tout te fèt atravè yon videyo ki te anrejistre dijitalman sou enstriksyon distans sosyal yo.

Yo enpoze Sispansyon Somè Ijans yo lè SLA a jwenn operasyon kontini yon biznis ki gen lisans menase sante ak sekirite piblik. Òdonans sispansyon yo sòti imedyatman epi rete an efè yon fason pèmanan, avèk pèn maksimòm lan ki gen ladan anilasyon pèmanan lisans ak amann jiska 10,000 dola pou chak vyolasyon. Moun ki gen lisans yo ki sijè a yon sispansyon dijans gen dwa ak yon odyans akselere devan yon Jij Administratif SLA.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)